


# JANGAT DOXALIINU YOON

## Buy sàmmu BEPPU ligéeykat bu nekk ci dëkup New York

Bataaxal bii dafay wone ay doxaliinu yoon bu New York yulay aar ci sa nekiinu liggéeykat. Kureelu way liggéey bi ci New York, te muy sàmm doxaliinu yoon yooyu, dafay aar BEPP liggéeykat ci sàcc ci peyooram, ak taxawway buñu mana nekk ci wàllu doxandéem. Bu fekkee ne dangaa liggéey béppu berab ci New York, doonte amoo ay keyit, nga nek way tukki walla doxandéem, yoon daflay aar. Ci suñu réew, liggéeykat yi WAR nañu joxe peyooru waxtu bu munul nakk, ak yeneen njariñ yu ñu wax ci suuf.

## PEYOOR BU GËNË NDAW MUNUL ÑAKK

Béppu liggéeykat am na sañ-sañu jot ab peyoor bu gene néew ci waxtu wu mu liggéey. Ci loolu bokku naci ay liggéeykatu fast food, ay liggéeykatu salon wu manikuur, ay liggéeykat yuy jot macaat, ak yeneen ñu bare, ak nekiinu doxandeem bunu mana am.

| BËRËB | PAYOOR BU GËNË NÉEW (CI BESU 01/01/2024) | LIGÉEYKAT YI ÑUY JOX AB NEEXAL* (CI BESU 01/01/2024) | LIGÉEYKATU RESTORAN YIY JEL AY NEEXAL* (CI BESU 01/01/2024) |
|---|---|---|---|
| Dëkkup New York | $16.00/waxtu | $13.35 Peyooru xobet-xobel<br>$2.65 Boru neexal | $10.65 Peyooru xobet-xobel<br>$5.35 Boru neexal |
| Long Island & Westchester | $16.00/waxtu | $13.35 Peyooru xobet-xobel<br>$2.65 Boru neexal | $10.65 Peyooru xobet-xobel<br>$5.35 Boru neexal |
| Fattalib dëkkup New York | $15.00/waxtu | $12.50 Peyooru xobet-xobel<br>$2.50 Boru neexal | $10.00 Peyooru xobet-xobel<br>$5.00 Boru neexal |

New York, yoon a ngi may liggéeykat yi ci yenn wàll yu mel ni ay otel, ay restoran ak ay sàmm ñam, ngir ñu boole li ñuy fey, su ñu jële ay xaalis yu bare yu leen kiliyaan yi di may. Ci misaal, ab restaurant bu nekk ci New York City mën na fey 10 dolaar ci waxtu bi (ci lu ñuy tudde "peyoor ci xobet-xobet") su liggéeykat bi amee lu tollu ci 5 dolaar ci waxtu ci lunu leen di may ci bés boobu (loolu la ñuy wax "bor ci lula kiliyaan yi may"). **Ñiy liggéey ci restoran yi** bokku na ci serweer yi, ak baarmaan yi ak yeneen ligéeykat yi. Livrëër yi bokku ÑU ci. **Ñiy liggéey ci serwiis yu ñuy joxe ay neexal** ñooy yeneen liggéey yu mel ni ay jaaykat yu nekk ci restauran yi ak ay soxna yuy bale aka fobeere, ñoom lañuy faral di jox ay neexal.

Bépp liggéeykat bu ligéeyul ci wallu hotel, lucimel ni ñiy liggéey ci ay salon wu manukuur, walla ay berabu raxasukaayu oto, walla ay dawalkatu oto, walla ay watkat, dañoo WAR a jot peyoor bu mat sëkk ak lumu néew-néew, doonte kiliyan yi dañleen di may neexal.

### WAXTU NDOLLEENT

Li ëpp ci liggéeykat yi war nañleen a fey ci genn-wàll ci li ñu fey ci bépp waxtu wu ñu liggéey lu ëpp 40 waxtu ci ayu-bés.

### JAMONOY LÉKK

Boroom bërëbu ligéeyukaay yi ci dëkkup New York dañu war a jox bépp liggéeykat ay waxtu yu ñu dal ngir lekk, gannaaw ay waxtu yu ñu liggéey. Luci bëri, boroom bërëbu ligéeyukaay yi war nañoo joxe lu mu néew-néew 30 simili ci seen waxtuy nopalu ci jamonoy liggéey yuñu dul fey, su liggéeykat bi ligéeyee lu ëpp 6 waxtu.

### NI PEYOOR GI DI ÑËWEE

Ci niko yoonu New York tërëlee, liggéeykati loxo yi war nañu leena fey ci ayu-bés bunek, te liggéeykat yi nekk ci biro yi ak yeneen liggéeykat yi war nañu leena fey ñaari yoon ci weer wi.

### XIBAAR BU JËM CI LIGÉEYKAT YI

Boroom bërëbu ligéeyukaay yi dañoo war a jox liggéeykat yi xibaar yi:

- Bultiin wu peyoor (pay stub) ak bépp peyooru saleer
- Bataaxal bi ci wàllu fey, mooy li ñuy wax tolluwaayu fey ak bésu fey bi, ak ay xibaar ci waxtuy liggéey ak njariñ yi ñu am ci liggéey bi, lu ci mel ni ay koonse, ay asiraans, ak yeneen.
- Xamlek dàq ci liggéey bi, mooy xamle bu ñu bind liggéeykat bi ci juróomi fan ci weeru liggéey bi ñu ko dàq

### KOONSE WÉR-GI-YARAM CI JAMONOY FEEBAR

Ñépp ñi liggéey ci wàllu priwe (wu dul ci nguur) ci dekkup New York, yoon mooleen di aar ci wallum peyoor ginu war a am suñu nekkee ci koonse feebar ak kaarangé etaa bi.

Loolu mooy tekki ni am nga sañ-sañu jel koonse wér-gi-yaram ci jamonoy feebar. Tolluwaayu koose bi ak ndax dinañ ko fey walla du ko fey, dafay aju ci màggaayu bereb bi ngay liggéey. Liggéeykat yi ci bépp xeetu liggéey lañuy aar, ba ci ñiy liggéey ci pacci-pacci walla ci ay jamono.

### FITNAAL AY LIGÉEYKAT

Mën nga am tiitaange, boo yéglee fitna yila sa njaatige di ték walla jëf ju ñaaw jumula ték, waaye sa njaatige mënul a mbugel ndax li nga yéglee say àq ci yoonu liggéey bi walla nga joxe ay xibaar Bërëb biy saytu ligéey yi. Boo xamlee ab tooñ, sa njaatige mënulaa: dàq, wàññi sa peyoor walla say waxtu liggéey, walla mu toxal la ci beneen bérab walla mu wàññi la. Bu la waxee ne dina jël ay dogal, ngir boole la, walla mu dàq la, walla lenn lu ni mel, dafa jalgati yoon.

## NDIMBALU LIGGÉEYKAT YI

Soo amee gaanu-gaanu walla nga feebar ci sa liggéey, mën nga jot ndimbal. Dëkkup New York dafa soxla ay liggéeykat ngir ñu jox bépp liggéeykat ay dogal yu jëm ci jàppale liggéey bi, lu dul seen réew ak seen taxawaay ci wàllu doxandéem. Su fekkee ne aksidaan walla feebar bi aju ci liggéey bi dàl nala, insiraans boobu dina fey pajum ay wér-gi-yaram, te dina fey ay way-jur yu am solo, su fekkee ne dungeen man a liggéey (yalla bu seen liggeey gënatee néew) ndax aksidaan walla feebar bi. Ngir xam ci lu gënë leer, demal ci **wcb.ny.gov** walla nga woote ci **877-632-4996**. Ay serwiisu yunu dul fey ci jariñoo làkk jàppandina, su ngeen bëggee jot ay xibaar ci làkk wu dul angale.

## JEBBËL AB TUUMA

Jëwriñ bi yore wallu liggéey bi dafay dimbali liggéeykat yi ñàkk a jot seen peyoor ci lumu néew-néew, bu fekkee ni jébbël nañu ab pleent ci ñun.

### SALEER YI ÑU FEYAGUL

- Sa njaatige feyula waxtu yi nga liggéeyi
- Sa chegu peyoor dañu ko gàntal ndaxte xaalis bu doy amul
- Jotoo sa neexal yéeppu
- Sa peyoor dankoo wanni te yëgëluñ lako

### NDOLLEENTU SALEER BUÑU FEYUL

- •Sa njaatige bi daf la dig (ci wax mbaa ci bind), waaye du la fey ay indemnite wakaans, ak ay koonse yu ñuy fey, ak ay prim, ak yeneen yu ni mel.

### SALEER CILUMU NÉEW-NÉEW/WAXTU NDOLLEENT

- Sa njaatige bi daf la fey lu gënë lu néew saleer buñula war a fey.
- Sa njaatige bi feyula waxtu ndolleent ngir waxtu yinu liggéey bi ci lu ëpp 40 waxtu ci ayu-bés.

### MBIR YUDUL AY SALEER

- Sa njaatige joxula sa waxtu lekk, sa bésu nopalu, sa biltiin wu saleer, sa xamle peyoor, sa fey ci saleer ci jomono jimu ware, walla mu jël dogal yu ñaaw ci sa kaw ndax nga joxe tuumaal.

### FORMILEERU PLAINTE

- Angale: **dol.ny.gov/labor-standards-complaint-form-ls223**
- Albaani: **dol.ny.gov/ls223al-albanian-labor-complaint-form**
- Araab: **dol.ny.gov/ls223ar-arabic-labor-complaint-form**
- Bengali: **dol.ny.gov/ls223bn-bengali-labor-complaint-form**
- Sinuwaa: **dol.ny.gov/ls223c-chinese-labor-complaint-form**
- Franse: **dol.ny.gov/ls223f-french-labor-complaint-form**
- Grek: **dol.ny.gov/ls223g-greek-labor-complaint-form**
- Kereol bu Haiti: **dol.ny.gov/ls223hc-haitian-creole-labor-complaint-form**
- Hindo: **dol.ny.gov/ls223h-hindi-labor-complaint-form**
- Italien: **dol.ny.gov/ls223i-italian-labor-complaint-form**
- Japonee: **dol.ny.gov/ls223j-japanese-labor-complaint-form**
- Koreen: **dol.ny.gov/ls223k-korean-labor-complaint-form**
- Polonee: **dol.ny.gov/ls223p-polish-labor-complaint-form**
- Portugee: **dol.ny.gov/ls223pg-portuguese-labor-complaint-form**
- Russ: **dol.ny.gov/ls223r-russian-labor-complaint-form**
- Españool: **dol.ny.gov/ls223s-spanish-labor-complaint-form**
- Urdu: **dol.ny.gov/ls223ur-urdu-labor-complaint-form**
- Yiddish: **dol.ny.gov/ls223y-yiddish-labor-complaint-form**

### JEBËLAL SAY FORMILEERU CAKUTEEF BUNU BIND BUBAAX CI ADREES BII:

**NYS DOL, Diwision bu ay yoonuligéey**
**Buro Etaa bu campus**
**Building 12, Room 266B Albany, NY 12226**

Soo bëggee am yeneen ndimbal ngir jeebbël sa plainte bi, nanga woote ci: **1-888-469-7365**.



Bërëbu biy saytu waalu ligéey ci dekkup New York mooy bërëb buy jëmmël yoon ci wàllu ligeey.
Ndimbël yi ak serwiis ci yi aju jappandinañ cibooko sakkoo te way laago yi duñu fey TTY/TDD 711 walla ñu woote ci 1-800-662-1220 (angale) / 1-877-662-4886.